

ROMAN SUNDAR

# Rampog Gerot ta Tuikarendong



ENTANG. S

Batjaan nu geus Dewasa.

No 04319 Rp. 6  
RAMPOG GEROT TI TJIHAREN DONG

Djilid ka 4

Entang S.



Laksana.

Diterbitkeun ku Penerbit : "LAKSANA"  
BANDUNG



Gambar kulit dilukis ku ! —— Ahdijat Ms.

Pangaos Rp. 70,-

Surat izin No. Pol. 007-I/ NBT/BIN/'71  
KOMDAK VIII Djabar "Langlangbuana"  
telah di periksa dan disetudjui untuk diedarkan



## BAGIAN KAHIDJI

**L**EUMPANG pa-ajang<sup>2</sup> gung, hate teu weleh tagiwur dibarung rasa lumenjap.

Lain tagiwur ku rempan, lain lumenjap ku bingung, tapi dajaning asmara birahi mimiti muhit dina ati sanubari dina raga akma sukma.

Kawa snu keuna ku kinasihan si leugeut teureup tjeuk paribasana mah, Amran ngadadak poho kana pamadegan nu tiheula, da kaburu kebek ku asmara katarik ku anu geulis, nji Kusminar wanodja kampung Nanggeleng, petetan abah Djalumpang.

Henteu boga katjuriga pikeun Amran mah, kalah ngarasa bungangang, asa rek manggih bagdja.



Tepi ka buruan hidji imah nu katjida agrengna, malah Amran oge bookeun bet di pakaropungan aja imah sakieu hadena, persis saperti nu aja di kota bae, malahan karesikanana mah eleh ku imah ieu.

..Tah ieu rorompok mali kang, kirang sae atuh upami teu linggih heula mah ka rorompok, lumajan sanaos rorompok butut oge. Kalib ti kitu nianawi aja tjai<sup>2</sup> enteh dirorompok mah," tjeuk nji Kusminar bari nundjuk ku djempolna, gelenju imut pangirut ret ngeletan ku kelet pameletan tea.

Amran mani njeredet hate, rumenghap dadana, nempo gelenju djeung kelet nu geulis tur tjureuleuk teh nja kapaksa sanadjan kalah kumaha oge piraku make teu daek njimpang ka nji Kusminar, meureun mun henteu teh, kasebut lalaki bodo.

„Adub kumaha atuh Neng, bilih ditjuriga ku tuang raka upami engkang njimpang heula mah?” Amran njaritana kitu soteh njelok, naha lagas atawa boga salaki, tjeuk barudak tea mah, madras taloki.

„Nu dimaksad tuang raka teh naon kang?” tjeuk nji Kusminar api<sup>2</sup> teu ugartieun, tapi ditarung ku imut mani ngagelenju.

„Sumuhun tjaroge,” djawab Amran bari seuri.

„Ah, da abdi mah teu atjan gaduh salaki budjeng budjeng ka gaduh, teu padjeng<sup>2</sup> atjan. Malum urang gunung atuh, saha nu bade kerese,” tjeuk nji Kusminar bari seuri leutik, delek sotjana ngadilakan binarum ku imut anu matak pikaurujeun.

„Entong ngapeskeun salira ku andjeun, saur emutan engkang mah, saha nu teu kerese ka Eneng?

Sacitu sampulurna," tembal Amran njerengeh.

„Jeeeeej, sok mudji. Sawangsulna panginten nja engkang mah njaurkeun kitu sotenan?" nji Kusminar tjeletit njiwit bari ngadiak, njeh seuri leutik, waos nu laeutik djeung barodas teh mani ngabarasat lir saupama rupaning poslen bae.

„Tuang rama sareng ibu araja di bumi?" Amran pura<sup>2</sup>

„Teu aja pun bapa mah nudju didamel di kebon, dupi pun biang mah aja bae di pawon. Mangga atuh geura lenggah ka rotompok kang," tjeuk Kusminar bari telenjeng tiheula mukakeun panto hareup.

Braj dibukakeun teh, enja bae lain hade ti luarna wungkul, tapi ka djero oge mani barakbak ku parabotan nu marewah wungkul, ti korsi, bupet, lomari oge matak helok, da urang kota mah tjan puguh barogaeun samodel kitu, ari lain sudagar<sup>3</sup> mah urang kota oge.

„Mangga. Punteen!" Amran puntenna mah rada ditarikan da meureun supaja kadarenggeeun kunu di imah, maksudna mah ku kulawargana nji Kusminar.

„Mangga we kang, da rupina pun biang mah nudju ka djamban mangga tjalik!" nji Kusminar menerkeun korsi pikeun tatamu tjalik.

„Mangga..... hatur nuhun!" djawab Amran bari gek diuk teh bari teu weleh turut-reret dumeh eta katjida sagala marewahna. Mun gambar<sup>2</sup> dina bilik diaturna estuning rapih, dipiguraan sagala rupa.

Nji Kusminar mah ngiles ka dapur, teu lila toro-djol teh mawa baki dieusi dua gelas tjai cutedeh.

„Tong ngarepotkeun Neng, sawios atuh da parantos tjekap!” tjeuk Amran bari seuri leutik, djeung teu weleh hajang neuteup kana rarajna! sanadjan hatena mah teu kuat ku dugdegna, sumeak, saban ngareret saban njereset, saban ngadilek saban ngaleujap katadji kunu geulis kapentang asmara ku istri nu sakitu endahna sanadjan wanodja gunung.

„Teu ngarepotkeun atuh engkang, tjai<sup>3</sup> atuh da nu sanesna mah teu gaduh,” tembalna bari lunggak linggek ari lambej teu weleh ngirut, sotja nu sakitu tjureuleuk pikabitaeun teu weleh<sup>2</sup> deui dulak dilek-na, bati lumenjap bae atuh kana hate ki Amran teh tempo<sup>2</sup> manehna tungkul bawaning ku ngarasa teu kuat nempo bae mah sok asa hajang ngarontok.

Ari geus ngasongan tjai, buru kapengker deui, ku runjung deui mawa tjau sasikat mani ranggakgak-sok diasongkeun ka tatamu, malah djaba ti eta make njodoran kueh aja kana tilu kelerna, tur kueh kuehna oge nu araraneh pisan.

„Atos Neng tong kerah kerih teuing, sakieu oge parantos langkung ti tjekap. Tjalik we ”tjeuk Amran, da enjana atuh, lain hajang disuguhan ku bolu djeung tjau tapi ku disuguhan imut pangirut ge ku nu geulis mah tos katjida ngarasa waiegna.

„Mangga engkang geura ngaleuet heula, lumajan landong hanaang, teu aja nu sae mung sakieu buktosna geuningan dikampung padusunan mah.” tjeuk nji Kusminar bari gek diuk, Atuh Amran atoheun boga barepan bakal lila pateuteup djeung nu geulis tea.

„Manega neng, ditampi ..... „Amran buru<sup>2</sup>  
ngangkat tjangkir teh, lek diinum bangun nimat  
tos tjape. Ngan teu buru<sup>2</sup> kana lalawuhna bae da  
rada era keneh, komo mun disanghareupan ku ko  
lotna meureun.

„Manga eta lumajan tuangeunana kang”

„Tjekap Neng, aeh hilap engkang teh. Teu atjan  
tumaros. dupi Eneng teh saha djenengan ? Nanging  
hapunten sanes kirang sopan engkang tumaros kitu  
sotenan, mung supados langkung tjonggah”, tjeuk  
Amran bari seuri leutik dibarung ku teuteup.

„Oooooo, abdi mah Kusminar kang, kitu oge anu  
parantos katalah bae ku nu njarebat. Dupi sawa  
lerna, engkang saha djenengan ?” tembal nji Kusmi  
nar tambah sura seuri tur katjida manisna, matak  
piurujeun nu njanghareupanana, sakitu Amran mah  
geus pating kerelek bae tikorona. Djiga keur Amran  
waktu ieu, lat bae poho ka Marjamah mah, sumar  
wonna kana panjatanana ti lemburna mah!

„Upami palaj uninga mah, pun engkang teh kate  
lah ku nu njarebat bae pun Amran, dupi kawit mah  
ti tutugan gunung Giriawas ti Kandangwesi”. dja  
wab Amran sakalian nerangkeun asal muasalna.

„Euleuh tebih geuning engkang teh. Dupi pamak  
sadar pangna engkang bade ka Tjiharendong teh aja  
pikeresaeun naon kitu ?” tjeuk nji Kusminar mimeti  
manehna njorok deui ka Amran, neangan pidjalaneur  
narik tjarita. susuganan Amran bisa betus sagala  
rusiahna ka manehna.

„Kantenan ari tebihna mah, namung katarik ku  
ati sanub. ri engkang nu ngagaduhan tjita-tjita,



Tong budjeng<sup>2</sup> nembe ti Kandangwesi ka Tjila, rendong kasebat masih keneh sabawahan Garut, tjatjak upami kedah meuntas lautan tudjuh sagara dalapan, paripaosna dipegatan ku pedang nu seukeut ku engkang moal burung dilabruk, dugikeun ka hasilna saneskanten nu ditjita tjita atanapi dipimaksad," tembal Amran djol ngabentangkeun tijita<sup>3</sup>na.

„Kutan upami kitu mah atuh kalintang abotna panginten tjita<sup>2</sup> engkang teh. Perkawis naon anu nudju dipilarian ku engkang, atanapi tjita<sup>2</sup> engkang nu dimaksad teh ? Rupina bae moal teu pikaaneheun pinginten nja kang ?" tjeuk nji Kusminar bari seuri ditarung teuteup, puguh bae Amran teh katarikna, tong boro<sup>2</sup> **kasebut ditanja ku nu geulis, biasana oge** pikeun Amran mah ditanja ku saha bae tara njumput njalindungkeun, kadjabo rusiah nu katjida dipikasieunna kanjahoan batur, atawa rusiah penting,

Saleresna mah engkang teh kieu. Mugi didangukeun **ku Eneng.**"

„Ah tong Eneng atuh kang, kapan parantos uninga wasla abdi engkang teh Mimin we atuh kang, da nenehna ngaran abdi teh Mimin," djol megat kali-mah we nji Kusminar teh, malah beuki tambah gular giler paona djeung tambah ngageleuju imutna dina pikiranana geus teg bae, jen hasil rentjana nu djadi lantjeukna sarta bapana teh.

„Tah sumuhu atuh, Mimin. Mugi ku Mimin didangukeun, mung bae ulah geruh teuing bilih aja anu ngarintip." tjeuk Amran bari neuteup.

„Saha kang da didieu mah tara aja nu ngintip !

Teu aja nu warantuneun untup intip, da osék ge aja nu tuang toong ku abdi mah sok dibentak," tembal nji Kusminar bari seuri.

„Nuhun atuh ari kitu mah, Anu dimaksad ku engkang pangna bade ka Tjiharendong teh kieu, Urang djudjut wae atuh ti ngawitanana nja," derekdek teh ku Amran dibedjakeun ka nji Kusminar ti mimiti manehna tumanja ka akina soal bapana. nepikeun ka di bedjerbeaskeunana ku akina, perkara hapana aja nu maehan tea dina waktu manehna umur opatpuluh voe

„Tah sakitu Min, perkarana mah. Engkang saparan tosna sababaraha kali ngalaman tarung sareng rampog malihan kantos nulungan hidji istri nu dipaling ku rampog nu ngaran Djakatarung.

Ahirna engkang mendak keterangan rebna dedeng-kot rampog gerot teh ajana di Tjiharendong Namung engkang oge teu atjan tiasa nangtoskeun, naha leres nu araja di Tjiharendong teh nu kapungkur maehan pun bapa naha sanes? Mung nu djadi marga mah ngantjurkeun si Djakatarung katut si anak buahna," Amran nutup tjaritaanana ku ketjap nu katjida matak tinglalenjapna kana hate Kusminar.

Kusminar oge ngahuleng sakeudeung mah, malah dina pikirna mah aja oge kieu. „Enjaan ieu lalaki teh matak pogot bogohna mah, djeung deui katjida ngarasa lebarna lamun kudu nintjak bongborotan atawa pitapak teh. Da dideuleu rupana sakitu kasepna awak banghang ngarareusi pakulitan semu nu umjang emh..... ku hajang ngagalentoran.



Tapi ari ras ka nu djadi bapa, ras deui ka nu djadi lantjeuk, jen ieu pisan lalakina anu bakal ngahantem ngaburak barik turunan bapa teh kaasup diri aing ! Ah, kumaha engke bae, bogoh kudu kalakon, tjinta kasorang. djahil kudu didjalankeun da keur ngabela bapa djeung saturanana.”

„Kalintang engkang mah wantunanana teh. Abong kasebat djadjaka titisan ti Kandangwesi, sanes war-tos Kandangwesi mah, aja ti kapungkurna sanes ti kapungkur deui malih ti djaman nenek mojang urang baheula Geuning Dalem Bontjel oge dina ri-wajatna teh urang dinja pituín ” tjeuk nji Kusminar, manehna nanggeuj hate Amran, sangkan leuwih rahul sagala rasiahna, bubuhan kasebut lalaki mah kitu adatna. Kadjeun gagah rongkah pasti ku istri nu geulis mah bakal bitu rusiahna, kalawan bisa apes sapada harita, geuning dina riwajat Samson oge.

„Naon atuh nu dianggo karempan ku engkang, paripaos tea mah parantos pameng, hirup dinuhun paeh dirampes, tibatan kedah nandang kenjerian saumur-umur mah. Geura mangga ku Mimin emut langkung pao, pisakumahaeun njerina upamikagu. ngan rama dipergasa deungeun. Sanaos Mimin kasebat istri ge rupina moal teu adugsongkol ngebe-laanana,” tjeuk Amran bari neuteup nji Kusminar gelenju imut bet asa ditoel pikir ku Amran, sabab manehna oge saenjana keur ngabela bapa tina bahaja anu rek karandapan dahir barangkalih.

„Kantenan atuh kang, tjatjak upawi abdi sapertos engkang, ah bade kantun kumaha engke bae !

Numawi kanggo abdi mah, sateuatjanna pun bapa maot mulih ka alam kalanggengan, ti ajeuna bade bumela ka andjeunna," tjeuk Kusminar.

„Kantenan atuh Min, margi eta nu ngajugakeun ka urang teh, teu dijugakeun ku rama moal aja si-patna urang di alam pawenangan. Numawi engkang teh moal lami, bade mios deui ngadjugdjug ka Tji-harendong, mangga atuh engkang pangdjadjarkeun. Kamana djalanna teh Min ?" tjeuk Amran rada napsu.

„Edaaaas engkang mah, ke atuh naha mani parantos teu betah nembe oge tjilik lima menit di-dieu teh, abong ka bumi butut." gantjang nji Kusminar ngadilakan bari seuri leutik, malah make djeung nepak kana leungeun Amran, atuh seeer ned Amran ge djadi ngarengkog deui, lebar deui iek indit teh.

„Sumuhun Min, engkang teh napsu. Bet teu pajá upami njarios<sup>2</sup> perkawis nu djadi bapa teh. Sok hajang geura tepung sareng nu mergasana, bade di-djadjal saneskanten pangawasana, Sanes bae engkang sombong sareng dir, namung hate engkang mah tos kasebat pasrah buang raga tegang pati," Amran bari asa pageuh deui budjurna dina korsi. Teup neuteup ka nji Kusminar mani anteb.

Nji Kusminar imut ngagelenju, malah dibarung ku ngadukeun paneuteupna, puguh beuki surser kana hate Amran. dugdeg djeroning djadjantungna. Samalah lain Amran bae, sanadjan Kusminar oge saenjana mah geus katarik ati birahi kapentang daja asmara ku djadjaka ti Kandangwesi teh.



„Naha engkang parantos uninga kana kakiatan sareng djadjaten musuh nu bade disumpinganana atanapi anu bade digempur ku engkang ?” tjeuk njj Kusminar njelok ka Amran, tapi djiga nu semu banjol, Teu enja<sup>2</sup> hajangna njaho kamam<sup>1</sup>uhan Amran

„Nja upami sareng anu parantos dilajanan ku engkang mah kamari<sup>2</sup> ieu, parantos teu aneh dnei engkang oge. Margi moal teu mung sakitu-kituna djadjetenna teh, paling<sup>2</sup> tiasana oge upami ngabongohan, ari dina kakesitan mah teu mendak nu ulungna”. waler Amran bari njerengeh.

„Punten bae kang, upami engkang bade ka Tjiharendong, sedja rgalabrek rampog Tjiharendong, kedah ngagaduhan kasakten anu langkung ti kasakten luar. Nu dimaksad teh ulah mung ukur tiasa dina ameng silat wungkul namung kedah aja kasakten lebetanana.

Margi numutkeun wartos. Kapalana hidji rampog nu aja di Tjiharendong teh sanes bantrak<sup>2</sup>eun budak djaman kiwari, kitu paribasa oge kang. Upami nondjok sakali matak bedah dada, njabokna matak tutung. Dina kakesitanana oge lumajan, luntjatna oge saratus meter sakali luntjat,

Saur nu uninga mah ngagaduhan adjian Pantjasona kalajan edjian Belut-putih Parantos eta oge aja nu dagdagan malih mah ku sababaraha aleutan djalmi; duka ti mana djalmina mah, ngahadja bade ngarempug rampog Tjiharendong, namung teu aja nu tiasa mulih saurang oge, ditumpes ku kapala Rampog, malah saurang teh mung sakali nalipak oge maraot”,

Djigana Kusminar teh mere birigidig ka Amran, tapi duka teuing deuih maksud<sup>2</sup> sedjenna mah.

„Djadi kitu, ah rupina engkang bade njobian we heula, sanggem beureum atanapi hideungna mah kan tun kumaha engke. Engkang nu unggul eta nu dite-da, atuh engkang nu bobor karabajuan oge engkang pasrah sok asal **tos** leres ngabela nu djadi bapa modal bade ngeplek djawer ngandar djangdjang ngumeok memeh dipatjok,” tembal Amran, kituna teh bari seuri, Kusminar oge njeh seuri, tjan nembalan deui tapi neuteup, ngan neuteupna bari mikiran pitjari-taeun deui meureun, Atuh Amran oge nud ned hatena teh barang diteuteup kitu mah tur lila.

Belengeh Kusminar seuri sarta djung nangtung gep kana leungeun Amran lebah pigeulangna.

„Pertjanten mana kitu oge engkang teh sanes mung saukur kasebat djadja ka terah Kandangwesi namung sareng saleresnu aja pangartosanana. Kata-wis dina salirana oge sakitu wewegna.” Ruçana mah Kusminar teh rek ngolo djeung leuwi hngali-lindeuk heula, sangkan poho kana sagala sumpahna,

Enja bae, Amran ditjepengan leungeun kunu demplon tur geulis mah teu kuat mani ngalaleper suku-djur badan sur ser dina ati sanubari lumenjap rasa-na ditjampur ku tingkerelek tikorona.

Nu njepengan bet kawas nu beuki geugeut malah mah manehna telenjeng njampeurkeun ek diuk dina korsi nu deukeut pisan ka Amran leungeunna teu lesot keukeuh njekel tur pageuh! Saha atuh anu rek bisa kuat nahen birahi lamun geus sarupa kitu.



Djigana bae Amran geus kalimpudan ku hawa nap su birahi nu ngagolak didjero batin, Nempo rupa istri nu sakitu geulisna selengseng seuseungitanana mani matak minuhan batinna. Rojheroj ruj uruj komo barang jiteuteup mah ditelek telek pangambung bangir alias ngadjiripit sotja tjureuleuk bulu sotja na tjarentik pakulitan pipi umjang, malah make djeung aja karang leutik tur hirup dina pipi nu beulah kentja nambahana kasieupanana,

Tugtegna djadjantung Amran beuki katempo dina dadana, Nji Kusminar geus jakineun pisan jen eta djadjaka teh geus katadji katarik ati kapentang as-mata ku manehna atuh kalah beuki ngaguriwek<sup>2</sup> ramona nambahana pirongkaheun napsu birahina.

„Engkang teh leres wantun ka urang Tjiharendong kalajan sanggem numpes?” tanjana deui bari neuteup dibarung ku lambejna ampir nampeu.

„Naha tumatos kitu Min, upami engkang tiasa ngalampuskeun urang Tjiharendong bade muruhan naon?” Amran semu nu ngabanjolan bari seuri.

„Naha palaj diburuhan naon ku abdi teh?” tanja nji Kusminar bari ngadilek tur imut.

„Teu kedah ku nanaon supados ku Mimin we,” tembal Amran dibarung seuri.

„Jej!” tjeletit teh nji Kusminar njiwit kana ping ping sarta tuluj noel gado.

Ku Amran gantjang dibales ditjawel angkeutna, malah terus napel teu dikedjatkeun deui nadjan, kitu pikeun nji Kusminar kalah tjitjing tur neuteup lambej nu ambutjuj nampeu tur rerenzutan.

Teup ku Amran di teuteup, hatena tagiwur pinuh ku daja asmara, birahi nu ngagugudug. Ret maneh-na rurut reret heula. Keredjet, serr, seeer karasa-na, leuwih rongkah batan tadi.

Ari nji Kusminar djiga nu ngahadja, tjitjing dibarung ku peupeureuman Atuh ku Amran teu diengkekeun, ngan tjlep tjiuuut bae nu ambutujuhna teh dikemot, semu diseuseup tur diketjrokan, kerelek<sup>2</sup> diteureujan djigana teh.

Nu diseuseup lambej teu kurudjat keredjet, tapi anteng panonna peureum beunta sarta ambekanana mani renghap randjug. Pikeun Amran mah da lalaki kasebutna diantep komo, kalah beuki tipepereket nangkeupna oge, lain bae ukur njeuseup lambejna, tapi pinarepna sakalian ditjekel digatjel.

Pisah sotenan ku reketna panto, kakara maraneh-na tingkolosod djeung tingraringeuh. Manahoreng sakadang utjing datang ti dapur, samarukanana mah indungna atawa bapana.

„Reuwas engkang mah, manawi teh ibu.....”. Amran njerengeh seuri bari melong kana utjing:

„Naha kawas sarep pahlawan bae, reuwas ku sarupi utiing”, tjeuk Kusminar bari njusutan nu lamokot dina pipina ku saputangan sutra.

„Pahlawan oge atuh da Min, bongan ngadamel sarupi pikaisineun, kumaha upami nembe nudju taeun, sumping ibu atanapi raima, isin panginten”; tjeuk Amran bari njekel taktak nji Kusminar.

„Sawios, da kitu mah teu djadi sawios-wios. ulah sotenan saperkawis”, djawabna bari tungkul.



„Naen nu saperkawis teh Min ?” tanja Amran bari njerengeh, api<sup>2</sup> teu ngarti tapi ngarti.

„Jeeeejjj. engkang mah sok palaj didjelaskeun”, nji Kusminar njawel deui gado Amran. atuh ku Amran dibales deui ku tjium kana pipina mani tjiut tjenah, tapi ngan sakali. Nji Kusminar terus tungkul deui bari ngaguriwek kana ramona

„Wartosan atuh kang abdi, engkang kagungan elmu naon, numawi engkang ker esa teuneung bade ngalabrax ka rampog Tjiharendong teh ?” sakali ieu mah nji Kusminar bari djeung njepeng kana ping-ping Amran nanjana. Atuh Amran lemah sapada harita,

„Min, sae engkang bade ngadongeng heula sakedap Kieu geura ari nu aja di engkang mah, teungagaduhan ari elmu nu sipatna aja tulisanana tur diapalkeun saparantosna apal disaumana tanapi ditapaan mah ! Namung dina mangsa engkang bade mios ti lembur tea milari raratan nu ngarogahala punbapa, ku pun aki teh sadjabina ti dipaparin peso, oge parantos maparinkeun hidji bungkus anit anu dibungkus ku lawon.

Saurna teh, tah ieu mah rusiah teu bisa dibedja-keun ku lisan bisi aja tjaktjak bodas, kitu saurna teh bari diasongkeun ka engkang,

Derekdek ku engkang teh dibatja, saparantosna di buka teh, da mang rupikeun seratan.

Unggelnakie Waktu Bapa Amran paeh kurampog ditewak, aja ilapat heula saenjana mah wengina ka mama Panhur. Udjaring ilapat taja lian, iwal ti getih bapa Amran kudu diusapkeun kana sakudjur awak.

Njaeta kana sakudjur awak Amran keurna orok  
keneh tea:

Nja ku mama Panhur sareng ku pun biang harita  
digugu diusapkeun kana awak engkang sakudjurna.

Tah kitu unggeling dina eta seratan, kalajan aja  
implik<sup>2</sup>na rebna saatosna diulasan getih pun bapa  
teh saurna engkang bakal tiasa. Hidji seukeut rasa  
sanaos saupamina dibongohan ku musuh, ka duana  
engkang teh moal teurak ku wisaja boh ku ratjun  
boh ku teluh kitu saurna. Katiluna engkang bakal  
ngagaduhan tanaga nu kiat! kaopatna engkang teh  
tiasa kiat badan, sanaos brusbres ditarumbak dugi-  
keun ka bidjilan getih mang-pirang<sup>2</sup> namung bakal  
tiasa djagdjag saharita keneh," kitu tjeuk Amran  
memang soal rusiah ieu mah kakara harita pisan  
ku Amran dibedjakeun kanu sedjen sadalah ka Mar-  
wijah oge teu kungsi dibedjakeun..

Dasar ku bisa<sup>2</sup>na Kusminar ngagereanana atawa  
ngolo<sup>2</sup>na nepikeun ka kairut poho kana nanaon,

Djeung deui bareto teu kungsi digalantangkeun  
ku mama Panhur oge perkara ieu mah istuning ri-  
kip da iwah<sup>2</sup> mikeun peso wungkul nu kanjarahoan  
ku sarerea oge harita mah.

„Euleuh kutan kitu kang, panginten atuh. Dupi  
ieu dina panangan kapungkur tilas naon ieu ?”

„Ieu tilas panah si Djakatarung ieu panah nu djam  
paringna diulasan ku bangsa ratjun kitu numutkeun  
panjilidikan nu uninga mah, Upami aja djalmi nu  
kapanah ku ieu djamparing moal manggapulia harita  
tjlep harita kusek lir ku peurah oraj.

Namung alhamdulilah, ukur karaos lieur meueusan ku engkang teh, Kalajan harita keneh nembe oge sadinten parantos lita deui kantun urutna," tembal Amran bari nembungkeun urut tatuna.

„Leres, Ieres", kituna teh Kusminar bari gogodeg gogodegna mah pedah eta we, da enja atuh djamparing nu bapana teh lain lumajan matihna, seuseukeut djamparing dihadja diulasan bangsa peurah<sup>2</sup> nu maratih leuwih ti peurah oraj welang atawa oraj hedjo djeung sabangsana nu maratih.

„Numawi kitu engkang teh, nganuhunkeun oge ka almarbum punbapa anu parantos dianggo darahna ku engkang, kalajan nganuhunkeun ka Pangeran".

„Dipi apesna dina naon kang? Da biasana saur sepuh kitu oge dimana aja djaja aja oge apesna?" tjeuk nji Kusminar bari tambah ngalendean.

„Ah, apesna mah upami parantos dipundut ku Nu Rahaju, dipenta ku Nu Kawasa eta apes engkang," jawabna bari seuri.

„Edas we engakang mah, ari ngawartosan teh sok dipindangan sapalih. Sawios atuh da abdi mah piraku bade katjuam katjaem laer biwir ka nu sades, sing pertjanten kana iman abdi, abdi teh sanaos nembean tepong sareng engkang, namung teu kinten ngaraos tjonggahna, kalajan sumpah na batin, rehna ho jong sasarengan sapapaos, mung isin bade ngedalkeunana sakawitna mah, da rumaos awewe", tembal Nji Kusminar bari tungkul ngeluk, bangun anu enja sedih ku teu dibedjaan sakitu teh.

Amran ngarendjag, sok sieuneun dipundungan.

Kumaha teuing lamun nepikeun ka dipundungan  
ku nu geulis teh. leuh katjida lebarna meureun.

„Naha Enung palaj uninga kana apes diri eng-  
kang ?” tjeuk Amran sakali ieu mah mani nga-  
Enungkeun sagala bari ngusapan tonggong nji Kus-  
minar.

„Kantenan we atuh kang. bilih we dikersakeun  
ku Allah. kalajan aja sih piwelas engkang ker esa  
njarengan abdi sapapaosna, upami abdi terang kana  
apes nu djadi panutan mah, panginten tiasa ngaping  
ngadjar ing moal bade digagabahkeun da panutan,”  
tjeuk nji Kusminar bari dumareuda.

Leketej Amran bakat ku bisa<sup>na</sup> nji Kusminar  
njarita, nepikeun ka tingleketej hate, tingsareblak  
rasana. Asa enja<sup>2</sup> manehna geus aja di sawarga  
dunja teh, babarengan djeung nji Kusminar. boga  
deui hidji nu leuwih ti ieu geulisna, njaeta Marwijah

Kawasna bae geus kasawang bakal nalangnang-  
gungna teh kadieu denok ka ditu demplon. ka dieu  
manis ka ditu geulis, nepikeun ka teu inget kana  
wiwahana mah, madju mundur tjarita teu diatur.

„Sae upami kitu, tawis Mimin bade bumela ka pun  
engkang, engkang moal cwel atanapi njumput salin-  
dungkeun saneskanten rusiah diri engkang.

Saurna tina seratan, waktos dibalur ku getih sa-  
kudjur badan, aja diantawisna nu kahalangan ku  
hidji lamak sagede tampah orok bae dina tatak. Tah  
eta nu teu kagetihan teh. Kapendak soteh parantos  
dua dinten, mangkaning teu aja deui getihna ge.

Tah apes engkang teh lebah taktak katuhu.

Tong budjeng<sup>2</sup> ku pakarang, nembe katinggang ku pangpung sagede indung sampean, waktos kamari ieu oge engkang ngedeprek leuleus satulang sandi saupamina tea mah kedah dipaksa ngalawan musuh tong budjeng ku rampog gerot sadalah ku budak satepak moal tiasa ngalawan deui. Amran teh blak blakan njaritakeun kaapesan dirina.

Manehna teu aja katjurigana pisan, bubuhan kapende kunu geulis tur donto.

„Hemh . djadi kitu, beu teungteuingeun atuh nja lamak teh ngabalangan. upami henteu mah panginten moal dugi ka kitu! Kumaha atuh upami engke dina prung tarung sareng rampog heug teh engkang ka-teunggeul taktak nu tengen?” tjeuk nji Kusminar lisian bangun nu enja mikarunja ari batinna mah mani ngarendjag atoh bae jen boga laporkeuneun ka lantjeukna moai polos teuing,

Tapi nji Kusminar hate tjan sugema mun tatjan lila manehna paduduaan mah maksudna oge hajang sagala meunang.

„Teu aja pamenganana, ari leres<sup>2</sup> mah parantos takdir engkang kedah dipaehan rampog etang<sup>3</sup> panebus nu djadi bapa. Namung teu atjan genah panasan saupami teu atjan ngarandjah ka tempatna.

Kalah menang paripaostra engkang mah bade njobinan heula kakiatanana,” tembal Amran,

„Jakin engkang mah pahlawao nu bitotama sanggem paripaostra mah tegang lara tegang pati. Handjakal, handjakal!” tjeuk nji Kusminar njebut handjakal teh rada bedas bari njurudtjud ttipanonna,

„Naon un dipanghandjelukeun ku engkang teh Geulis ?” tjeuk Amran bari neuteup, manehna lumen japhate dumeh nempo nji Kusminar semu nu katjida tjumalimba tur njaktjlakkeun tjiapanon „Handjakalanjaeta atuh ku teungteuingeun lamak anu ngabalan-  
gan salira engkang dina pundak tengen. Emh, upami engkang apes” kituna teh Kusminar bari ngeluk sarta ngutjurkeun tjiapanonna.

„Tong manghawatirkeun ka engkang geulis, da engkang mah istu tjlik putih tjlik herang iklas buang raga katut njawa, demi ngabela dendam anu djadi bapa”, tjeuk Amran bari ngusapan tonggong djeung buuk nji Kusminar. deudeuhna djeung tjintana kaliwat geugeut.

Nji Kusminar ngaheruk diusapan teh, teu ngajawab deui. Tapi hatena mah handjakal sotenan ku tjinta manehna ka Amran.

Udjaring kereteg hatena: „Tjatjak lamun teu rek bumela ka bapa mah aing oge, umumna ngabela turuan bapa Djalumpang, meureun teu perelu ieu djadnika di tjilakakeun. Aing tjinta ka manehna, aing watir ka manehna.

Emh, tapi dalah di kumahakeun atuh, lamun tjidra kana djangdji djeung teu mikanjaah ka nu djadi bapa, sarua djeung binasa ka turunan saumumna. Kapaksa, ku aing kudu diiringkeun kana bongborotan nu pinuh ku tjutjuk rungkang kalajan dekengan para rampog”. Beuki djero mikirna beuki ngarasa njerina.



Tungtungna bet ngarontok bari njeungtjeurikan.  
„Engkang, mugi sing waspaos ulah bade balangah  
Diduakeun ku abdi sing aja dina kaunggulan kalajan  
engkang salamet dina enggonging ngudag tjita tjita  
engkang.”

„Geuliiis ..... Mimin buah hate engkang, tos  
entong nangis geulis!” Amran oge teu kuateun,  
manehna nangkeup bari ngagalentoran sagalana di-  
galemohan sumawonna lambejna teu bosen<sup>2</sup> dike-  
tjrokanana teh.

„Eng ..... kang abdi titip ka engkang upami  
aja dina kaunggulan, ulah lali ka abdi. Abdi ba-  
de, bade ngemut heula, kumaha perdjalaneun diri  
abdi ..... mar ..... gi !” tjeuk nji Kusminar  
teu ditulujkeun, tapi teu disusul ku Amran nu  
padahal manehna aja aja rek terus terang jen anak  
pa Djalumpang rampog gerot tea, aja aja sieun  
tideuha ku bapa, nja antukna rek mikir heula we  
tjenah.

„Is ja Allah, sadalah engkang piraku bade nga-  
hihilapkeun ka Mimin. Antos didieu, engkang bade  
mios kalajan mugi aja dina kasalametan engkang  
sareng kawiludjengan Mimin. dugikeun ka urang  
tiasa patepang deui!” tjeuk Amran bari ngusapan  
tjelepot deui njium kana pipina nu kentit.

„Sumuhun diandung piduana. Mudah<sup>2</sup>an endjing  
atanapi pageto mah, engkang tiasa sasarengan deui  
sareng abdi.

Kukituna atuh Min, engkang teh bade nios bae. njuhunkeun pituduh ti Mimin, ka mana djalan ka Tjiharendong teh?" tjeuk Amran bari rek nangtung atuh buru<sup>2</sup> Mimin oge nangtung ngabarengan.

„Mangga didjadjapkeun ku abdi, nanging poma upami lebet ka djalan teh nya kang sing tjaringtjing bilih aja nu ngabarongohan!" teu weleh<sup>3</sup> sanadjan ngahadja oge, nji Kusminar mah mepeligan, da aja maksud supaja salamet sararea.

„Mangga dikantun ku engkang Min ..... Aeh atuh sareng bae ka djalanna mah da teu terang!"

„Sumuhun mangga ..... !" tjeuk nji Kusminar bari pagegentet turun ti imah.

Rada oge djauh ti imah nji Kusminar ka lawang gapura djalan ka Tjiharendong teh, nu geus ngaha-dja didjieun ti kamarina keneh, djadi moal aja djalan deui anu mabal, iwal ti ka djalan anu dipager kentja katuhu, tur djangkungna sameter satengah matah hese diluntjatanana, lamun dibereg ku musuh tea mah. Lumpat tangtu nintjakan bongborotan nu rangseb ku pantjuh sareukeut djeung beling.

Tapi anu duaan mah tarenang bae, malah Amran oge teu boga katjurigaan itu ieu. Sadjadilan djiga nu keur sarosonoan.

oooooooooooo

## BAGIAN KADUA

**A**NGIN ngadadak ngagelebug, munggah njeor kana tatangkalan, djiga anu dadak<sup>2</sup>an arek datang angin topan ngadeukeutkeun mangsana kiamat, kitu tjeuk udjaring kolot mah.

Manuk<sup>2</sup> mani retjet disarada, siit untjuing pating garelik, bangun tingdjarerit, hingkik bangun tjareurik, gagak siga tingkotjeak kokoreakan bari maleberkeun djangdjangna.

Anu keur leumpang ngadadak ringrang pipikiran-nana, ret ka luhur di djomantara pating kalajang manuk gagak bangun naluturkeun ngiuhan anu la-leumpaing munggah asa poek.

Alam martjapada lir dikubeng ku mega hideung, reueuk tjakueum taja danganganana. Lenjap hate tambah lungse, renghap rasa ngadjadi asa tunggara dagdigdeg ngarasa keueung bulu punduk tingpur-ringkak, tingpuriding sakudjuring diri, Sanadjan waktu harita ngagendengkeun nu geulis tur denok teu ngadjadi matak pogot ngadadak asa teu puguh pipikiranana,

„Naha ari engkang bet benten raraosan kieu Min. Palangsiang urang bade aja nu hiri dengki djahil kaniaja. Geulis Mimin buah hate engkang, langkung sae geura mulih bae, parantos we semet dieu djadjap engkang teh, rupina da moal sasab deui. Bilih aja bahaja, hawatos ka Mimin kumaha upami kagalej ku musuh. Ari engkang onaman da niatna oge bade tarung, rugi sareng untung kumaha sang-gem engke.

Moal lepat deui nja, itu lawang gapurana djalan ka Tjharendong teh." tjeuk Amran bari ngarandeg sarta manehna ngusapan buuk nji Kusminar Rendjag renghap lenjap hate nji Kusminar tetela geus aja rasa ka Amran atuh manehna timbul dina kiamat batin tjinta geugeut kalawan sono. kapaksa kudu ditelasan,

Teu tegana mah lain dikiieuna, tapi manehna inggis ku bisi rempan ku perkara nu bakal datang tumiba kana awakna lamun tea mah hal ieu nu geus di-djangdjikeun ka lantjeukna sarta ka bapana teu dilaksanakeun. Dumeuh kapegat ku duriat, Kukituna mah nji Kusminar teh taat.



Tadina mah rek ngarontok deui ka Amian bari ngaluarkeun tjipanon panineungan, tari kusabab inget, meureun tangtu rampog<sup>2</sup> anak buah bapana, kalawan lantjeukna geus tingtarengo naronghel ngararintip ti nu barala.

Lamun ngarontok bari njeungtjeurikan, katara pisau manehna nu kairut ku Amran musuh nu djadi bapana, meureun aja akibatna ka manehna.

Atuh ngan mundur salengkah, bari pokna dibarung tungkul.

„Engkang, mangga diandung piduana ku abdi nu prihatin, nu nalangsa dikantun ku engkang. Sanaos engkang nembean patepang sareng abdi, nanging dina batin atanapi kalbu, parantos ngagurat kalajan kagambar, djenengan kitu deui rupi engkang, moal tiasa luntur tina kalbu, leeh tina hate, murag tina perasaan abdi.

Panutan, duh panutan, mugi sing waspacas kade upami diberik ku musuh, uang Tjiharendong mah parelit, engkang ulah bade rusuh<sup>2</sup> lumpat ka pajun, namung kedah ka pengker deui Sawios ngadupak musuh tilu saupamina atanapi langkung tibatan engkang lumpat ka pajun, margi oh..... njaeta ka pajun mah bilih seueur deui batur<sup>2</sup>na”, tjeuk nji Kusminar, tadina mah ampir pok rek disebutkeun jen ka pajun mah aja bongborotan nu pibahajaeun pisan.

„Oh..... kantenan, eta mah engkang oge tangtos parantos ngartos, moal lepat deui ka pajun mah bakal seueur babaturanana.

Namung kanggo engkang mah teu ngadjadikeun hidji karentagan, teu gedag bulu salambar, kari ku maha engke bae."Geulis ..... mangga urang pipisahan baé atuh, sami<sup>2</sup> dina kawiludjengan bae nu diandung ku engkang," tjeuk Amran bari manehna ngasongkeun leungeun. Pel sasalaman heula, teup pateuteup ..... Amran madju rek kerewek pisan njepeng angkeutna, tadina mah rek pileuleujan ku ketjupan kana pipi katut lambejna, tapi kulantaran rji Kusminar sieun diarintip ku balad<sup>2</sup> bapana katut lantjeukna, nja ngalieus meueusan bari pokna teh.

„Mugi engkang ulah palaj kikituan didieu, bilih aja nu nguningakeun, isin. Engke oge sabatae kango saha sakudjur badan abdi teh, namung engkang nu kedah migaduhna,” kitu pokna teh bari djeung ditungtungan ku gelenju imut nu ngirut, tapi soitja tjeuleujeu dibarung ku ngetjlakna tijpanon.

Geus pada mileuleujenkeun mah kakara pipisahan ieu ngidul itu ngaler, tapi bari teu weleh silih ret, paribasana tea mah pada<sup>2</sup> katerapan asihan sikurintjang, kuringtjang nu teu djongdjon leumpang ka hareup salengkah ka tukang mah dua lengkah sareret saseredet hate, sarindat salenjap rasa, Handjakal pisan barang Amran ngareret deui, nji Kusminar geus ngiles duka teuing kamana njimpangna.

Atuh tinggal ngadjenghokna rek madju teu kaur ladju sumoreang kunu mulang.



Deg ngarandeg sa lila<sup>2</sup>, njiptakeun rasa asmara anu ajeuna mah pabaliut, datang ti ditu ti dieu, kolebat rupa nu djauh Marwijah nu ti Sewudjadjar, duriat anu munggaran. Kolebat rupa nu kakara anggang, nji Kusminar modjang kampung Nanggeleng nu leuwih gelenje.

Teu njahoeun jen nji Kusminar mah, nguliwed sotenan, nepungan para rampog. Nu harita geus diisaratan ku lantjeukna ki Djakatarung,

Ari nu dipake isjarah minangka nu'katjida bunina mah taja lian iwal ti ku sora siit utjing, disadana ngan dua kali.

„Hej..... Min, adi akang. Naha mana lila<sup>2</sup> teuing ? Akang katjida keselna ngantosan titadi. Malih bapa oge ajeuna ngantos di pangparatanana djalan. Sapandjang djalan bonghorotan teh dikepung wakul buaja mahap !” tjeuk Djakatarung buru<sup>2</sup> madio ka adina.

„Kang ..... atuh da kedah dilelemu heula ku abdi teh, teu tiasa gurunggusuhi”, tjeuk nji Kusminar bari tungkul.

„Hahahaha, hahahahaha ..... Mimin adi akang, akang ge memang njaho tur ngarti. Mimin geus katadji katarik ati, kapentang asmara ku si Amran. Lain kitu ?” tjeuk Djakatarung bari njakakak seuri.

Rendjag nji Kusminar ngarendjag sataker kebek pédaห djol dituduh kitu bae ku lantjeukna, pok bari ngadedeg. „Engkang, saur saha atuh abdi teh kitu, teu pisan pisan kang !”

„Hahaha ..... hahahaha Mimin, tong sumput salindung, mending terus terang. Sabab bieu aja mata<sup>2</sup> ka pipir imah Mimin, kalajan akang geus njahen apesna si Amran teh dina taktak katuhu, hahahal” manehna seuri bungan ngeunah pisan.

„Eu ..... eu ..... euh, ning ..... ning engkang uninga, naha saha anu kaditu?” Beuki geumpeur we nji Kusminar mah rumasa. Sigana kaintip basa manehna duaan keur silih pentangkeun asma-ra silih kemot pipi djeung silih ketjrok lambej dina harti nu katjida sutjna.

„Hahaha, hahahaha ..... adi akang, teu nanaon sakitu oge geus aja hasilna, nepi ka bisa ngabitukeun rusiah Amran ti mimiti nepikeun ka ahirna.

Akang oge katjida sukurna, malah ditarimakeun pisan ku akang teh. Ngan bae, naha Mimin mapatahan ka si Amran nitah waspada? Atuh mana kituge meureun Mimin njaah ka manehna teh nja?”

„Ah .... ah .... hen .... teu .. kang!” nji Kusminar beuki gugup.

„Hahahaha ! Tapi keun bae, sabab sanadjan manehna waspada oge da geus kakepung ieu. Tuh si Amran kadeuleu ku akang geus arek nepi kana la-wang Gapura. Djig geura balik we Min akang mah rek njesul bisi kaburu asup Akang anu rek ngontjikeun gapurana ti luar.”

„Mang ..... ga ..... atuh kang!” nji Kusminar buru<sup>2</sup> indit bari lalewang rasa hariwang. Manehna rada oge sowak basa bieu ditanja ku ki Djakartarung teh



Amran leumpangna mani salse bangun lalungse, hate ting sareblak. Pipikiranana ngalajang kamana karep, nu katjipta dua buah hate nu sarua pada geulisna, sarui demplonna. Duanana djiga anu ngalangkangan, Amran antukna ka ditu randjung ka dieu ser ned.

Geus kira<sup>2</sup> lima meter deui kana lawang Gapura Amran neuteup heula bari gerentesna.

„Tetela djalan bangsat ieu mah, mana didjalug-djugan sakieu tohagana oge. lir gedeg bagong bae badis. Ngan iwal ti gedeg begu lamun saperti kieu mah.

Leuh eta gapurana ge aja kontjian, tapi teu dikontjikeun, melenge katarana mah.

Naha kitu ari urang Nanggeleng tara diganggu ku rampog ? Ah, iupna wae ..... aja salah saurang djelema nu asup kana komplotan rampog ti lembur eta, mana teu digaranggu oge.

Lahaola, aing rek asup.”

Amran geblus teh asup kana lawang gapura, barang bus oge katjida matak heranna, sapandjang djalan mani poek atuh da didjalugdjug ku haur<sup>2</sup> gereng djeung awi garereng, sarta ditjampur djeung tangkal selong.

Manehna teu rarat reret deui ka tukang, Tapi terus bae leumpang. Ari Djakatarung, marentah ka salah saurang baladna, supaja tunggu kontji, dimana Amran lumpatna balik deui ka tukang kudu buru<sup>2</sup> dikontji, tjenah. Ari Djakatarung djeung sawatara baturna bus arasup.

Maksudna engke dimana Amran geus deukeut ka lebah bongborotanana, kakara disentak ti tukang supaja minnehna lumpat djeung teu kira<sup>2</sup> tangtu bakal tikait heula kana tambang, sarta tigebut kana pantjuh<sup>2</sup> djeung beling kalawan tjutjuk rungga malah tjutjuk salak oge aja

Ti tukangeun geus siap genep djelema djarang-kung gede tingkulunu nuturkeun budjur Amran, sarta pada marawa pakarang nu lengkep.

Ti hareup ge moal henteu disadiakeun pasukan nu dipingpin langsung ku pa Djalumpoeng pisan deuih,

Amran nu geus lungse hatena, mikiran duriat djeung niat. Lebah dieuna mah memang kaharti lalaki sok keuna ka gering batin ngalanglajung mikiran duriat geuningan Amran oge dadak djadi bogoh perasaan nu tadi seukeut teh djadi kurang waspada tina asal keuna duriat.

Enja bae barang kira<sup>2</sup> ngan lima metereun kana bongborotan. teu kanjahoan ku Amran, djol haok bae tukangeun ngahaok mani tingbaroak bari tingse-rebet ngudag djeung ngalabarkeun bedog bedogna nu tingburilak.

„Tjaaaaaaattt.....!”

Amran kakara malik bari djeung taki<sup>2</sup>, reuwasna mah nataku tapi tetep rantjingeus teu ngojompod nadjan enja katempo kakuatan musuh sakitu lobana.

Nu dikirana ku rampog bakal lumpat teh ahirna mah geuning kalah ngarandeg heula tur tenang



Atuh nempo ngarandeg kitu, musuh ge semu nu dibere adjian "Heup Meneng," deg ngarandeg kabeh, rarempaneun rek njerang.

Orokaja Djakatarungna ngomandoan bari tipopo-lotot.

..Hajoooohhh ! Hajoh kurubuuut !"

Kusabab ngadenge komando, rampog<sup>2</sup> teh siap deui kabetanana, bari masangkeun bedog<sup>2</sup>na, ting polotot bari sebrut ampir bareng njerang ka Amran lit nu rek muru lele dina leutak diburu ku sarerea rek pada marentung.

..Tjizaaaaaat.....!"

Amran teu tjileureun, tapi mundur salangkah katukang, lep tapak deku, suku musuh nu ka benaran lempeng ka manehna dikelid ti bandap sarta sina nolondjong ka tukang.

..Saaaat ..... uuuup !"

„Aaaaaw ..... !" kabeh bareng tinggaroak tingtolondjong ka hareup kabawa ku tanagana sorangan nu napsu teuing.

„Oooooow ..... !" nalambruna teh kana rutjuk<sup>2</sup> anu ku maranehna diparasangkeun, munggah djrut-djret bidjil getih, aja nu kana tarangna nu kana dadana malah teu barisa walakaja deui tinggal ting-araduh wae.

Tinggal si Djakatarung komandon, nu masih keneh nulak tjangkeng teh, gogcdeg nempo balad<sup>2</sup>na geus tingdjarungkel kaparanggang ku rutjuk, rejji manehna panas deui, nadjan bari rada mangsar mingsir. sabab njaho kakuatan Amran ti kamarina.

„Eeh kurang adjar silaing teh hahl! Balad dewek nepi ka tingdjolopong kitu.

Puah! tapi jeuh dewek lajanna. Hajoh geura madju silaing!” tjeuk Djakatarung bari njampeurkeun tapi pakarangna mah tjan dipesat

„Entong loba tjarita. Dewek si Amran anu arek ngahadja neangan balad<sup>2</sup> silaing katut silaingna pribadi. Ieu mangkeluk<sup>2</sup>na anu kasebut rampog<sup>2</sup> gerot Tjharendong teh hahl” tjeuk Amran bari masih keneh nulak tjangkeng katjida nganggap entengna kana kakuatan ki Djakatarung teh,

„Kurang adjar buset! Tjoba ku silaing geuratendo balad dewek djeung bapa dewek nu sakitu ngalidekna dihareup. Silaing alamat bakal niampus!” Djakatarung ngahaok bari molotot,

„Tong rek susumbar, sabaraha puluh balad silaing kaasup silaing djeung bapa silaing, ku dewek moal rek diitung pasti diajonan. Hajoh madjuuuu!” Amran oge molotot bari tambah wanina.

Djakatarung geus teu kuat nahana napsuna, sendeng baladna anu dipingpin ku bapana tatjan muntjul keneh, rupana masih keneh di parapatan djalan dihareup nu masih djauh keneh pisan.

Kapaksa manehna kudu ngajonan sakuat tanaga ku sorangan bae.

Seak teh manehna naradjang ka Amran bari dedeongan tea pasang kuda<sup>2</sup>, peureupna buleud, mata muntjereng sarta pokna teh: „Geura garap ku silaing ieu pasangan dewek!”

Amran njakakak seuri bari molotot, pokna.



„Hemh..... silaing pasang sarupa kitu, katjida geuning semu pihampangeunana. Naha taja deui nu leuwih hade batan ti eta ?”

Atuh Djakatarung asa disebit daun tjeulina ngadengne omongan Amran nu ngoa kitu teh.

„Aeh², geura garap heula siah kurang adjar ! Mun geus bisa ngarubuhkeun pasangan dewek anu kieu, hade dibere deui ku dewek nu peuheur !” tjeuk Djakatarung bari napsu.

„Djadiiiii !” djawab Amran bari djeung pelnempe lan pasangan musuhna, duaanana geus djiga nu rek padogong-dogong, tapi Amran kalem nempelan pasangan musuh teh teu djeung dibarung gugup.

„Saaaaat..... !” gilek Djakatarung pindah kudaku da sarta mindahkeun leungeunna, nu katuhu diganti ku nu kentja.

„Aaaaap..... jah !” Amran oge nuturkeun pindah suku musuh, duaanana masih iantjingeus tjan aja anu rek kabeunangan.

„Sat..... !”

„Jaaaaaaaah !”

„Hijaaaaah..... !” Djakatarung neundeutkeun pasangan Amran bari molotot kana lebah taktak beulah katuhu. da njaho didinja apesna.

Amran oge teu tjileureun tapi leuwih ati-ati, komo deui katempo mata musuh molotot kana taktak mah leuwih dikontji deui bae taktakna, moal rek dikontjar.

Kolesed Djakatarung ngolesed, sorosod suku nu hareup njosod dipindahkeun ka tukang.

Miksud Djakatarung rek njuliwa bari ngarampas leungeun Amran rek dibuang kelid.

Tapi Amran leuwih rikat, maling djalan musuh sorodot suku Amran kagigireun kep maehan leungeun Djakatarung, giriwil teh suku Djakatarung beunang didjungdjungkeun bari sakali gus diangkat dibeubeutkeun.

„Uuuuuuppp Jah !”

„Oooooow ..... Hek !” tjenah diteundeutkeun budjurna pisan, tapi gorentel teh ngagorentel djlek deui hudang tur pasang djurus.

„Kurang adjar, tong gana<sup>2</sup> geus meunang sakali siyah Amran. Hajoh urang diadu deui pelit reudjeung dewek..... !” Djakatarung beuki napsu ngarasa geus ti beubeut sakali teh.

Surudut peureupna njurudut bari tepak deku muru angen Amran kalajan kilat naker.

Untung Amran kesit, ngelok bari pasang depok, ngarawel suku musuh nu njołodor ka hareup.

„Jaaaaaaaah !”

„Oooooow, . . . . !” sakali deui ditotogkeun ka hareuf kalajan kesit naker, kolojong si Djakatarung ngolojong lir haphap muru tatangkalan. Blug nangkarak bengkang datangna teh, gurindjal djungkir balik tjek pasang deui kuda<sup>3</sup>, sakitu mah hubuhan turunan djago teu kapok<sup>2</sup> djeung djiga teu aja pisan kanjeri.

Manehna leuwih ati<sup>3</sup> sabab boga rasa jen kalah pelit ku Amran, sieun dialungkeun kana rutjuk.

„Madju siyah. . . . bajoh madjuuuu !”

Djakatarung njaho bakal pibahajaeun, nang tangna teh kalab beuki ngadjauhan rutjuk.

„Hahaha, hahaha . . . silaing ngeplek djawer ngandar djangdjang mijuni hajam kabiri. Emh dewek oge njaho jen silaing pangna mundur ngadjauhan rutjuk sieun kawas balad<sup>2</sup> silaing kaparanggang ku rutjuk.

Hemh . . . ieu perbuatan sarilaing kabeh, njieun rutjuk rungkang di perdjalannan. Dewek ngarti!” tjeuk Amran bari njakakak. Teg inget kana tjaritaan Kusminar, jen tjenah lamun diudag rampog ulah lumpat ka bareup kadjeun nubruk rampog tilu manan kudu ka bareup. Mana horeng aja rutjuk di bareup mah. Ngan tjan ngartieunana teh, naha Kusminar teu sakalian ngabedjaan jen aja rurutjukan, meuireun manehna mo<sup>l</sup> rek djalan ka dinja mabal bae ka pileuweungan.

„Tong rek ngomong silaing Amran ! Wani geura madju, teu wani serah bongkokan ka dewek. Tuh balad dewek bakal datang deui pikeun modaran silaing !” tjeuk Djakatarung njingsieunan,

„Teu djadi balanganana. Dimana kahajang silaing ku dewek rek diajonan. Tunggu !” tjeuk Amran bari njampeurkeun mani bari bolotot tapi semu tenang teu ieu pasang kuda-kuda, saperti musuhna mun rek njampeurkeun sok kuda-kuda bari njorodot sukuna ka bareup,

Djakatarung gantjang pasang kuda-kuda nendjo musuhna madju teh mani tegep ngarengkenek:

„Jaaaaah. . . . garap !” pokna teh.

Pel ku Amran ditempelan djigana Djakatarung teh boga pangalaman pedah tadi basa ditempelan pasanganana djol ngaburalik..

Barang pel barang gilek teh ngan sakilat pisan Djakatarung ngagilek ngarawel suku Amran, teu di engkekeun dikek dipaehan bari ditotogkeun ka tukang. „Saaaat..... up ..... !”

„Aaaaaaw ..... !” Amran kapaksa njolonong lir nu silanglang bari hiber. Plak datang ka handap djungkir balik, untung teu nepi kana rutjuk da rada djauh.

„Jaaah..... Puah !” Amran geus nangtung tur kuda kuda deui, sarta njurudut ka hareup.

Djakatarung tjolohok handeueul, pedah meureun kaduhung tadi ngadjauhan rutjuk, mun seug deukeut kana rutjuk tanwande Amran paragat.

„Hahaha, hahaha..... Djakatarung, silaing tong balaga, kakara bisa sakali ka dewek ngaragragkeun. Jeuh bisi teu njaho dewek ti Kandangwesi, moal rek mundur ku silaing..... Madjuuuu !” tjeuk Amran bari njakakak.

Djakatarung rada mangsar mingsir ari kudu ngalawan ku kapelitan kosong mah teu nguntupeun deui manehna teh, ngan serepet ngalugas bedogna mani ngaburilak bakat ku seukeut<sup>2</sup>na tur pandjang.

Djakatarung teh wani ngalugas bedog pedah nempo Amran mah lengoh istu ngabogo, da enja ngan saukur balati nu masih disumputkeun dina tjangkengna kahalangan ku kaos kurungna. Eta mah peso teh rikip teu bisa ditembongkeun.

Tina saking napsuna, seak teh mani bangbaraan  
njamber Amran ku bedog nu seukeut.

„Tjiaaat !”

Tapi pikeun Amran teu tjileureun, manehna ngagilek saeutik bari meupeuh peupeuteujan musuh ku gigir dampal leungeunna.

„Aaaaap !” tjeuk Amran bari ngagedig.

„Oooooooww !” bedogna ngatjleng kaluareun pager djalan, sedeng manehna ngudupung kekerepeungan mani njengir<sup>2</sup> bae

„Hahaha . . . hahahaha ! Geura njerankeun umur bae ka dewek silaing mah Djakatarung, sabab bongan silaing kokodjo djahatna teh, Moal dihirupan deui ku dewek mah.” tjeuk Amran bari seuri.

Gantjang Djakatarung tjengkat bari nahana kanjeri malah nepikeun ka nahap<sup>3</sup>keun maneh da napsuna mah masih keneh ngagugudug. sanadjan tanagana geus suda oge.

„Djakatarung.. naha kalah mojongkod kitu lain dek lawan kadinja!” teu kanjahoan ari burudul teh ti tukang, bah Djalumpang diiring ku balad<sup>4</sup>na aja kana limaan mah baladna teh.

„Bapaaaaaa ..... tingali balad bapa seueur anu korban ku si Amran!” tjeuk Djakatarung mani njobrowok, bari rada bungaheun dumeh datang balad bantuanana, tur tanggelan gedena datang, njaeta pa Djalumpang dedengkot rampog Tjiharendong.

Amran mani mureleng sarta panonna katjida linghasna teh, dumeh ajeuna geus datang bantuanana tanwande si Djakatarung ngabongohan deui.

„Mana ajeuna, ieu manusana nu ngaran si Amran teh, panjana aing mah geus modar siah ku aing dipanah teh!” tjeuk bah Djalumpang bari ngægægag njampeurikeun.

„Tong rea tjarita, hajoh geura maradju. Ieu nu disebut dedengkot ti Tjiharendong teh? Paingan surup kana lelegeganana surup ka patutna. Nu kieu min moal teu djelema djahat!” tjeuk Amran sakalian bae ngahina ka rampog teh, ngarasa kapalang-da pasti kudu disanghareupan kalajan diajonan sa-kuat tanaha, mundur kapalang mending madju

„Hahahaha, hahahaha..... kurang adjar enjaan silaing rek sosorohna teh. Hajoh barudak geura kurubut tuh si Amran. Djaka hajoh madju deui tewak si Amran urang teukteuk beuheungna, tu-man!” tjeuk pa Djalumpang bari molotot bakat ku napsu.

„Madjuuuu!” breg teh mani tingparejekeh mawa pakarang, nu rujung nu bedog nu balati.

Kitu deui Djakatarung geus siap deui mawa dja-lugdjug awi sadeupa, djigana meunang ngahadja we njabut, da bedogna mah ngatjleng ka luareun pager tea.

„Siap..... siap!” tjeuk Djakatarung.

„Tjiaaat!” atuh da muru teh ngan bisa ti ha-reup moal bisa ti kentja katuhu deui sabab kabangan ku pager,

Barang surudut muru. Amran ngelok deku.

„Huuuup.....!”

„Oooooowww!” tingdjuralit ka tukang.

Orokaja seak teh pa Djalumpang muru ku ru-jung mani ngahiuk, Lamun kurang<sup>2</sup>na mah meureun keuna.

„Tjaaaaaaaaattt !”

„Saaaaaat !” Amran buru<sup>3</sup> ngagilek, panarandjang pa Djalumpang dikelid.

„Ooooowww !” tolondjong tolondjong teh pa Dja-lumpang totolondjongan, bru diadu djeung baturna.

„Oooooowww !” nu kadupak pa Djalumpang ti luar tinggareblag nangkarak bengkang.

„Hahahahahah !” Amran njakakak njeungseurikeun bangun anu ngoa naker.

„Buseeeet kurang adjar budak olol leho ngabina ka dewek..... hajoh barudak tong diarantep ma-dju lawan terus !” pa Djalumpang mani tutundjur bari napsuna luar biasa.

Musuh pindah tempat asal ti Kaler djadi ti Ki-dul. Amran ti kaler, sabab tadi musuh<sup>2</sup>na dibuang ka kidul tea.

„Heupppp !” mimiti saurang madju minangka nga-gagalak.

„Jaaaaaaaaahhh, !” madju deui saurang, tetela keur ngabibira Amran sangkan diarah melengna.

„Tjaaaaaaaaat !” surudut mani bareng njudukkeun tjarongo bedogna.

„Huuuuuuup ! Amran ngagadjleng ka luhur djlek tukangeun niusuh, teu kanjahoan sihoreng Bah Dja-lumpang geus siap masangkeun rujungna.

Seak djebet niasar takta Amran nu katuhu.

„Tjaaaaaaaaatt !”

„Aaaaaaaaaawwww, aduuuuuh !” Amran ngudupung leuleus satulang sandi.

Ajeuna manehna kabeunangan apesna, sabab bengan sok darapon bogoh, teu ngingetkeun kana kajaan diri pribadi, abong kairut ku nu aja katadji ku nu geulis. Abirna sanadjan enja oge Kusminar boga ras i hawatir djeung aja ngabelana ka manehna, saukur njarek lumpat ka bareup djeung saukur nitah sing waspada, da'keukeuh apes manehna mah katangkep ku musuhna: Enja ari Kusminar mah deuih tjan kungsi njaritakeun ka Djakatarung perkara apes nu aja di Amran teh.

„Hahahaha..... hahahahahaha..... sadjagona budak kamari ieu, budak sakeupeul oge djeung badju badjuna. hahahaha..... hahahaha siah dipodaran ku aing.

Hejjjj . Barudak, ajeuna borogod si Amran, peksiksa tareunggeulan heula sing sarareubeuh !” Bab Djalumpang tutundjuk bari tjakakak<sup>2</sup> teh bakat ku bungah, teu direret balad nu genepan mah masih ngadarupung kapanggang ku rutjuk awi oge.

„Modar siah !” djelebet diteunggeul tonggongna ku rujung, munggah bukbek ku limaan.

„Aaaaaawww . . . , aaaaaaaaaawww !”

„Hahahaha, montong gegerewekan siah Setan ! dipodaran ku aing.” tjeuk bah Djalumpang.

Djebet deui manehna neunggeul ku rujungna,

„Aaaaaaaaaawwww !” Amran beuki ripuh,

Rek seak pada narimpah deui, bah Djalumpang ngahalangan bari pok njarita.

„Menggeus barudak, geus tjukup pikeun poe ieu mah sakitu. Ajeuna bawa ka tempat urang !

Urang siksa heula di ditu di Guha manehna ti  
beurang keur waktu panas nongtoreng urang poe-  
keun dina luhureun seng, ti peuting urang ibun !"  
,,Satudjuuuu !" tjeuk balad-baladna mani gandeng  
kabeh raeng.

„Bépa, ari ieu balad urang nu korban bade diku-  
mahakeun ?" Djakatarung pok nanjakeun kabapana.

„Oh ... hade di ruang bae ajeuna sok njieun lom-  
bang heula nu gede tjukup genepaneun !" tjeuk  
pa Djalumpang.

Amran mah batih ngadegdeg napsuna, tapi manehna  
ngarasa teu walakaja. Saukur napsuna bae nu rong-  
kah dina djero batinna.

„Borogod heula si Amran !" maraneh nu tiluan  
kudu njieun lombang heula, nu duaan bareng djeung  
deweck sarta ki Djaka ka Tjiharendong, bawa tawa-  
nan !" tjeuk pa Djalumpang.

Atuh sarerea ngagugu, Amran digiring ka Tjihare-  
rendong, sihoreng kudu balik deui djalan teh ka  
tukang sabab djalan ka hareup terus mah dibong-  
borotan tea, Amran beuki kaget, naha Kusminar  
make nuduhkeun kadieu, malah manehna make  
djeung njaho kana pibahajaen.

Djalan mah sihoreng mabal ka Tjiharendong teh  
kanu sulit djalanna oge:

Teu lila geus nepi ka Tjiharendong bus Amran  
disuntrungkeun ka djero guha, barang bus teh sa-  
kumaha tjeuk Marwijah bae, didjero mah geuning  
sarupa djeung di gedong bae.

„Diuk didinja, babiji !" tjeuk Djakatarung.

Amran napsu sanadjan bari geus ripuh oge, sebab  
ku ditadong bari djeung ditjarekan babi, pok ma-  
nehma njarita bari muntjereng.

„Dewek atawa silaing babi teh? Sanadjan dewek  
ajeuna beunang ku silaing, tapi awas bakal aja anu  
leuwih ti dewek, Allah nu bakal ngala'nat kana ka-  
lakuan djeung kadjahatan silaing, kabeh djeung ku.  
lawarga silaing.”

„E eh, sanes antepeun ieu niah pa, mendingan  
diberesan bae ajeuna mah, pertjumah dihirupan o-  
“ tjeuk Djakatarung bari mesat bedogna mani  
asat.

ka luar..... sapatkeun beuheungna!” pa  
oge napsu djigana teh.

ae Djakatarung njekel buuk Amran di

“ setan. Ajeuna siah diparagat-

“ gimir, sanadjan  
ku Djakata-  
ng nga-

Sadjabi ti mirah sewaanana teh, oge moal lengoh,  
margi sajagina pepek, upami nambutna buku<sup>2</sup> ka  
Taman Aosan<sup>2</sup> di handap ieu :

1. Taman Aosan "PIALA" Djl Kebon Kol Sumedang.
2. " " " " " FISKA" Djl. Raja Kadipaten.
3. " " " " " E. KOSASIH" Tjiwidej.
4. " " " " " SENTJAKI" Soreang.
5. " " " " " MINANG" Kp. Emper chna Madu rong.
6. " " " " " PUSAKA" Djl. PSM
7. " " " " " ANGKREK" Djl. Pn nu tiluan pajuneun pas bareng djeung
8. " " " " " MUNGIL" Su endong, bawa tawa-
9. " " " " " MULIA" g.
10. " " " " " gagugu, Amran digiring ka Tjiha- uoreneng kudu balik deui djalan teh ka
11. " " " " " sabab djalan ka hareup terus mah dibong- rotan tea, Amran beuki kaget, naha Kusminar make nuduhkeun kadieu, malah manehna make djeung njaho kana pibahajaean.

Djalan mah sihoreng mabal ka Tjiharendong teh kanu sulit djalanna oge:

Teu lila geus nepi ka Tjiharendong bus Amran disuntrungkeun ka djero guha, barang bus teh sa- kumaha tjeuk Marwijah bae, didjero mah geuning sarupa djeung di gedong bae.

„Diuk didinja, babiii !“ tjeuk Djakatarung.

